# Se ki sa n ap pwopoze ?

| | 1ye sesyon | 2yèm sesyon | 3yèm sesyon | 4yèm sesyon | 5yèm sesyon |
|---|---|---|---|---|---|
| **Tit la** | **Apèsi Jeneral sou Pwosesis MSBA a** | **Ki jan pwosesis konsepsyon lekòl la fonksyone.** | **Konprann divès paramèt enfliyans yo** | **Ki jan vil la, lekòl la, ak MSBA a « Otorite Bilding Lekòl Massachusetts yo » travay ansanm pou acheve yon pwojè** | **Ki jan yon kominote pran chaj espas la** |
| **Deskripsyon** | Konprann delè, etap enpòtan, ak vokabilè MSBA yo pou angaje konplètman nan pwosesis la | Temwayaj divès lòt ekip lekòl ak kominote ki arive patisipe nan pwosesis la. | Bay espas pou aprann paramèt sila yo ki enpakte priz desizyon pami moun kle ki gen enterè nan pwosesis la. | Konprann analiz pri-benefis (depans parapò a benefis) ak enpank konsepsyon ak kòman pwodui final la ka chanje avèk letan. | Kòman pou kreye yon kominote tèt ansanm (koyesif) osijè konstriksyon final la ki santre sou bezwen edikatif yo e kominotè yo. |
| **Piblik sib** | Paran yo (SPC, Konsèy Paran Lekòl la/SSC, Konsèy Lekòl Lokal la)<br>Manm pèsonèl<br>Elèv<br>Patnè kominotè | Paran yo (SPC, Konsèy Paran Lekòl la/SSC, Konsèy Lekòl Lokal la)<br>Manm pèsonèl<br>Elèv<br>Patnè kominotè | Paran yo (SPC, Konsèy Paran Lekòl la/SSC, Konsèy Lekòl Lokal la)<br>Manm pèsonèl<br>Patnè kominotè | Paran yo (SPC, Konsèy Paran Lekòl la/SSC, Konsèy Lekòl Lokal la)<br>Manm pèsonèl<br>Patnè kominotè | Paran yo (SPC, Konsèy Paran Lekòl la/SSC, Konsèy Lekòl Lokal la)<br>Manm pèsonèl<br>Patnè kominotè |
| **KI LÈ** | Prentan 2025 | Otòn 2025 | Ivè 2025 | Prentan 2026 | Otòn 2026 |

BOSTON Public Schools    CITY of BOSTON

# 1ye Sesyon :
# Apèsi Jeneral sou Pwosesis MSBA a

Daphne Germain, Chèf Pwojè Prensipal
Lekòl Piblik Boston
Divizyon Planifikasyon Imobilizasyon
Mizajou : 19 novanm, 2025

# Objektif Aprantisaj

*Sa nou vle w aprann e konprann*

1

Pou w vin konfidan nan langaj pwosesis sa a pou w kapab yon patisipan enfòme afktif nan pwosesis konsepsyon an pou yon nouvo enstalasyon edikasyonèl

2

Konprann pwosesis Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la (MSBA) pou konsepsyon ak konstriksyon yon nouvo enstlasyon

# Divès priyorite kominote a te defini Eksperyans Wo Kalite Elèv yo

| divès eksperyans aprantisaj ki solid e ki afime kilti kominote a | byenèt ak anrichisman | yon rezo adilt ki sousye ki bay sipò | divès espas fizik ki kore aprantisaj |
|---|---|---|---|
| • Espas aprantisaj - sal klas, chanm syans, chanm atizay, chanm etid, ak chanm ti gwoup, elatriye.<br>• Espas piblik - jimnazyòm, kafeterya, bibliyotèk/sant medya, ak oditoryòm<br>• Kantite salklas pou chak klas an mwayèn | • Espas pou aprantisaj fèt deyò, spò, ak jwèt<br>• Espas pou sante mantal, ak sipò sosyal emosyonèl<br>• Espas ki santre sou elèv yo | • Espas pou pwofesè ak manm pèsonèl<br>• Espas pou fanmi ak kominote | • Kondisyon enstalasyon yo (FCA)<br>• Nòt pou modènizasyon (FCA)<br>• Aksèbilite ADA (selon Lwa an favè Ameriken ki gen Andikap) |

**Enfòme pa :**
**priyorite kominote a ki sot nan divès sesyon chita tande (plis pase 500 patisipan) ak sondaj (9.000 repons)**

BOSTON Public Schools

CITY of BOSTON

# Plan Alontèm pou Enstalasyon yo :
# Aliyen travay nou avèk vizyon nou

**Yon Ekosistèm Lekòl Piblik Boston ki konplè**
Ogmante kantite lekòl ki kore yon Eksperyans Elèv Wo Kalite pou chak elèv nan distri a.

### Pwojè Kapital ak Enfrastrikti

- Divès nouvo konstriksyon
- Renovasyon
- Inyon/Inifikasyon
- Fèmti
- Konsolidasyon (konbine ansanm)
- Rekonfigerasyon Nivo Klas yo

### Kreye e Amelyore Pwogram Akademik

- Soutni e elaji edikasyon enklizif ak alfabetizasyon ekitab
- Elaji pwogram akademik bileng e avanse
- Kolèj bonè ak karyè ak pakou etid
- Kreye pwogram preparasyon pou tranzisyon pou elèv ki pale divès lang ki pi gran ak elèv laj 19-22 an

### Chanjman striktirèl

- Ekspansyon stratejik lekòl wo kalite
- Minimize tranzisyon yo epi founi divès chemen ki pi klè
- Restriktire edikasyon altènatif ak divès pakou etid pou elèv yo

BOSTON Public Schools    CITY of BOSTON

# Shaw-Taylor

**Konfigirasyon nivo klas yo (aranjman nivo klas yo) :** Klas matènèl jiska 6yèm ane (PreK-6)
**Kapasite Plase Wo Kalite :** Estime a 750
**Katye :** S. Dorchester/Mattapan
**Kòmansman :** Envitasyon MBSA otòn 2023
**Lè nou atann pou finisman an :** Estime pou anviwon ane skolè 2030-2031 an
**Estati aktyèl :** **Etid Fezabilite (mizajou nan dat 20 novanm, 2025)**






- Inifye lekòl Shaw ak lekòl Taylor k ap vin yon lekòl 2 lokal (2 campus) konbine, k ap ouvè nan ane skolè 2024-2025
- Bati yon nouvo lekòl elemantè dènye kri ka pral sèvi kominote inifye Shaw-Taylor a. Nou pa ko arive chwazi okenn lokal ; pwosesis pou idantifye divès opsyon ap kòmanse ete 2024.

BOSTON Public Schools    CITY of BOSTON

# DELÈ MSBA yo

## Peryòd Elijiblite MSBA

| | |
|---|---|
| Desanm, 2023 | **MSBA envite Shaw nan Peryòd Elijiblite a** |
| 1ye jiyè, 2024 | **Peryòd Elijiblite lekòl Shaw te kòmanse** |
| Oktòb, 2024 | **Vòt Apwopriyasyon Konsèy Minisipal la (Konsèy vil la)** |
| Mas, 2025 | **Finisman Peryòd Elijiblite a** |
| Mas ak Avril, 2025 | **Envitasyon MSBA vè kanal imobilizasyon** |
| entan ak Ete, 2025 | **Seleksyon konsiltan (ekspè konsèy)** |
| Otòn 2025 | **Kòmanse etid fezabilite a** |

## Delè yo pou inifikasyon lekòl Shaw-Taylor

| | |
|---|---|
| 26 avril, 2023 | **Pwopozisyon inifikasyon lekòl Shaw-lekòl Taylor te entwodui bay Komite Skolè a** |
| 10 me, 2023 | **Vòt Komite Skolè a** |
| Septanm, 2024 | **Lekòl Shaw-Taylor te ouvri kòm yon sèl lekòl konbine** |

# MSBA Building Process

*Steps primarily for:*



# PERYÒD ELIJIBILITE MSBA A

**Peryòd Elijiblite 270 jou** a fòmalize kòmansman pwosesis apwobasyon sibvansyon MSBA a, e li bay yon kalandriye klè pou finisman rekizisyon preliminè yo, pou asiste avèk detèminasyon preparsyon finansyè e kominotè, e idantifye divès bezwen pou planifikasyon ak bidjetizasyon.

Peryòd Elijiblite a te kòmanse 1ye jiyè, 2024 :

- Sètifikasyon inisyal pou konfòmite
- Komite Bilding Lekòl
- Kesyonè Enskripsyon

Finisman reyisi tout aktivite nan Peryòd Elijiblite a va ede Distri a elijib pou yon envitasyon MSBA nan **Etid Fezabilite** a.

N ap chèche jwenn apwopriyasyon finans pou n ajoute yon **Jesyonè Pwojè Mèt Zèv la** ak achitèk pou fè yon Etid Fezabilite atravè **konsepsyon chematik.**



# FÒME EKIP PWOJÈ A

***« Distri a pwokire (jere) ekip pwofesyonèl yo k ap itilize pwosesis pwokiman MSBA spesifik yo ak modèl ak kontra standa Demann pou Sèvis (« RFS ») pou travay avèk distri a pandanke pwojè pwopoze a ap avanse nan pwosesis sibvansyon MSBA a ». -sit wèb MSBA a***

BOSTON PUBLIC SCHOOLS

**Mèt zèv pwojè a :**
responsab pou yon finisman pwojè a ki reyisi, nan fason nou defini bi yo, obteni finansman, e angaje tout moun ki gen enterè nan pwosesis la



SKANSKA

**Jesyonè pwojè mèt zèv la :**
Sipèvize tout sik lavi pwojè a, depi nan planifikasyon ak konsepsyon jiska konstriksyon ak konklizyon, pou sèvi kòm reprezantan mèt zèv la pou asire ke pwojè a fini alè, nan limit bidjè a, e selon spesifikasyon yo.



**Ekip Konsepsyon an :** yon pwofesyonèl anboche pa yon mèt zèv pwojè pou kreye konsepsyon an ak spesifikasyon nesesè yo pou mete sou pye pwojè final la e rezoud divès pwoblèm sou chemen an

BOSTON Public Schools CITY of BOSTON

# ETID FEZABILITE

« Distri a ak ekip li kolabore avèk MSBA a pou dokimante **pwogram edikasyonèl** yo, jenere yon rezime espas inisyal, dokimante kondisyon ki deja egziste yo, **etabli divès paramèt konsepsyon**, develope e evalye divès altènatif, e rekòmande solisyon prefere sila a ki pi ekonomik e pi apwopriye nan yon fason edikatif pou konsèy administrasyon MSBA a pou konsiderasyon yo.

Pandan faz sa a, Jesyonè pwojè mèt zèv la ap soumèt, an favè distri a ak konseptè li, **yon Pwogram Konsepsyon Preliminè ak yon Rapò Chematik Prefere**. Apwobasyon Konsèy Administrasyon MSBA a rekiz pou tout pwojè kapab avanse al nan konsepsyon chematik**. »- sit wèb MSBA a**

BOSTON Public Schools

CITY of BOSTON

APPROVED

Madi, 30 avril, 2025

ETID FEZABILITE

# Enstalasyon Planifikasyon Edikasyonèl :

*Asire ke pwojè lekòl yo reyaktif a bezwen edikasyonèl distri a.*



**1.Egzijans Pwogram Edikasyonèl**

- *Divès Modèl Pwogram* : Ki sa ki filosofi ak metòd ansèyman nou itilize nan lekòl yo
- Objektif pwogram etid yo : Ki sa elèv yo ap aprann
- Konfigirasyon nivo klas yo (aranjman nivo klas yo) : Konbyen sal de klas pou chak nivo klas
- Gwosè klas yo : Pwopòsyon pwofesè parapò a elèv
- Pwogramasyon orè : Kòman elèv yo fè wotasyon kou yo

**2. Sipò pou pwofesè yo**

**3.Sipò estraskolè e siplemantè**

**3.Sipò parantal (pou paran) e kominotè**

**4. Sekirite**

BOSTON Public Schools

CITY of BOSTON

# Sant medya/teknoloji



Espas kolaboratif ki kapab bay aksè a plizyè kalite resous miltimedya, espas aprantisaj kreyatif pou elèv yo angaje avèk tekonoloji.

Sant medya yo kapab konsevwa pou yo fleksib e rekonfigerab (rearanjab) dekwa pou elèv yo kapab kolabore sou yon seri aktivite nan tout pwogram etid lekòl la.

# Espas spòtif/rekreyatif



Espas entèn e ekstèn k ap mete sou pye pwogram edikasyon fizik distri a, divès spò enklisif, divès pwogram dans.

Espas sa yo kapab sèvi tou pou plizyè objektif pou itilizasyon espas kominotè.

BOSTON Public Schools

CITY of BOSTON

# 1.Egzijans Pwogram Spesyalize



**Pwogram Spesyalize** : Espas ki kreye pou ègoterapi, devlopman konpetans esansyèl, objektif mobilite ak aksesibilite elèv yo.

**Espas pou elèv miltileng (ki pale divès lang) :** Divès laboratwa aprantisaj lang, siy miltileng, espas aprantisaj miltileng, divès sant dakèy.

**Espas pou Kreyatè Kreyatif (STEAM)** :

Stidyo Atizay, Wobotik, Enjenyeri oswa espas enpresyon 3 dimansyon, elatriye

# Pwoksimite espas




Nan konsepsyon bilding, pwoksimite se relasyon spasyal ant espas ak chanm andedan yon bilding.

**Pwoksimite enpòtan pou :**

- **Fonksyonalite :** gwoupman divès nivo klas oswa gwoup ki similè
- **Efikasite :** Pwoksimite avèk chanm twalèt, kafeterya, ak lòt espas komen.
- **Fasilite mouvman :** sikilasyon mouvman toulejou pou ijans oswa evakiyasyon.

Dabitid sa abouti a yon plan sòl final yon bilding.

# PROGRAM COMPONENTS: CRITICAL ADJACENCIES

## Carter School Lower, Middle, Upper School 60 students / 86,227 GSF

SAMPLE



# KONSEPSYON CHEMATIK



Distri a ak ekip li ap devlope yon konsepsyon final pou pwogram edikasyonèl spesifye yo ak konsepsyon chematik solid ki gen ase ase detay pou etabli :

- **Pòte :** ki sa k ap bati ak founi pou nouvo bilding lan, ki enkli travay demolisyon, si nesesè
- **Bidjè :** ki sa ki pri pwopoze ki asosye avèk tout bagay ki nan pòte travay la, ki enkli maketing, mobilye (amèbleman)
- **Orè :** yon kalandriye eksplisit ak detay travay ki dekri preparasyon egzije, travay angajman, debi travay yo, konstriksyon jiska konklizyon pwojè a.

Yonfwa sa fini, pòtfolyo final la prale devan MSBA a pou apwobasyon.

BOSTON Public Schools

CITY of BOSTON

# Reyaksyon Kominote a

Tanpri leve men w 

Ekri nan espas tchat la

Konpòtman

- Fò w Prezan
- Fò w Respekte moun
- Fò w Ouvè
- Fò w Konsyan
- Fò w Bay Atansyon w
- Fò w Byenveyan